



Pou Piblikasyon Imedya: 12/02/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 20 SIT DRAGAJ KI CHWAZI KÒM YON PATI NAN EFÒ 300 MILYON DOLA ETA A POU KONSTWI REZISTANS NAN LAK ONTARIO AK RIVYÈ ST. LAWRENCE LAN**

*20 pò nan Lak Ontario ak St. Lawrence lan te chwazi kòm sit dragaj, gade kat la isit la*

*300 milyon dola ki bay pou ogmante rezistans kominote yo sou rivaj yo*

*Premye seri dragaj nan Bè Pò, Konte Wayne lan fini*

*Dragaj la pral kòmanse nan Bè Blind Sodus, Konte Wayne nan mwa avril 2020*

*Premye pwojè estabilizasyon litoral la te fini nan Mexico Point State Park nan Konte Oswego*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a achèyman premye seri dragaj nan Bè Pò (Port Bay), nan Konte Wayne, premye 20 sit dragaj ki te chwazi nan rejyon an pou rezoud yon reta nan pwojè yo nan kanal navigasyon pò an nan rivaj sid Lak Ontario a ak Rivyè St. Lawrence lan. Inisyativ dragaj rejyonal 15 milyon dola a se yon pati nan efò 300 milyon dola Eta a pou repare ak konstwi rezistans nan kominote yo k ap retabli apre domaj dlo men wotè ak inondasyon te lakòz, avèk pwochen seri dragaj la k ap kòmanse nan Bè Blind Sodus, Konte Wayne nan mwa avril 2020.

Gouvènè a te anonse pandan yon poz nan Sandy Pond, kote yon pri REDI 600,000 dola pou pwojè Rezistans Sandy Pond Nò a pral ede vilaj Sandy Creek ranfòse ba separasyon ki divize Sandy Pond ak Lak Ontario. Plizyè faz nan dragaj la pral bay yon gwo kantite sediman pou reyitilizasyon benefik epi pou ede kenbe ekilib pwosesis natirèl sou kòt la pandan y ap pwoteje pwopriyete ak enfraskriktri, epi garanti aksè rekreyatif sou bò dlo a.

"Nouyòkè yo k ap viv ak travay sou rivaj Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence lan toujou sou chòk inondasyon rekò ane pase a ki te devaste kominote yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "N ap fè tout sa nou kapab pou ede kominote sa yo tounen konstwi pi djanm pase anvan. Nou te fini premye seri pwojè 20 dragaj la, ki kòmanse nan Bè Pò a, kòm yon pati nan inisyativ 300 milyon dola pou repare ak rekonstwi rezistans nan kreye baryè kont tanpèt natirèl sou bò dlo rejyon an ki pral garanti yon lavni ki pi bon ak pi djanm pou rezidan yo sou bò lak la."

Premye pwojè REDI a te fini nan Mexico Point State Park nan Konte Owesgo kote nivo dlo men wotè rekò nan lak Ontario nan 2017 epi ankò nan 2019 te lakòz domaj devastatè sou rivaj la. Nan sèlman kat semèn, 435 pye lineyè nan litoral la te estabilize pandan plasman 3,200 tòn pyè. Pwojè a, ki te fini anvan kalandriye a nan dat 6 fevriye, pral prezève aksè piblik la nan Lak Ontario ak Mexico Point Park epi pwoteje ekonomi lokal la atravè atraksyon kontinyèl vizitè yo.

Nan yon Konferans sou Inisyativ Devlopman Rezistans ak Ekonomik (Resiliency and Economic Development initiative, REDI) nan Albany nan mwa novanm 2019, Gouvènè a te prezante Pwojè Dragaj Rejyonal 15 milyon dola a bay reprezantan kominote yo ki prevwa pou resevwa sibvansyon REDI, fè yo konnen ke pita nan mwa sa a ekip teren yo ap idantifye zòn ki bezwen dragaj epi devlope yon kalandriye pou egzekisyon. Ankèt anba dlo pou anviwon 20 lokal pò potansyèl ki pa te planifye, epi nan kòmansman desanm premye a te fini nan Bè Pò nan Konte Wayne.

Finansman an konplete kreyasyon REDI Gouvènè Cuomo a, ki gen ladan yon komisyon ki gen plizyè ajans ki ap etidye fason pou ranfòse ensfrazstrikti nan tout bò dlo Lak Ontario a pandan ke li ap estimile ekonomi lokal rejyon an. Atravè REDI a, Eta a te angaje jiska 300 milyon dola pou 133 pwojè pou rekonstwi bò rivaj yo, epi tou amelyore rezistans nan rejyon ki ekspozè ak inondasyon nan tout Lak Ontario a.

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal la, Basil Seggos te deklare,** "20 pwojè dragaj rejyonal sa yo se eleman enpòtan nan plan konplè Gouvènè Cuomo a pou pwoteje kominote litoral nan Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence kont dlo men wotè. Ekspè REDI Gouvènè a pral kontinye idantifye pwojè rediksyon inondasyon natirèl ak estratejik epi itilize teknoloji dènye kri pou fè avanse pwojè yo ki pwoteje kanal navigasyon pò yo ak aktivite ekonomik yo sipòte pandan y ap pwoteje anviwònman ak kominote pou jenerasyon k ap vini yo".

**Komisè Biwo Sèvis Jeneral la (Office of General Services), RoAnn Destito te deklare,** "Kòm youn nan 11 komisè ajans Eta a ke Gouvènè Cuomo te voye pou travay avèk kominote Lak Ontario a pou idantifye resous nan risk pou gen inondasyon epi pwojè ki ka redui risk sa yo, mwen kontan pou wè efò nou yo tounen reyalyte. Okenn moun pa fè plis efò pase Gouvènè a pou fè pwojè REDI sa yo ak dragaj yo fini".

Ajans yo nan eta a, nan kowòdinasyon ak Kò Lame Enjenyè Etazini, sèvis jeni sekirize pou kòmanse pwojè dragaj rejyonal nan uit konte epi livre prezantasyon yon pwojè ki pral idantifye zòn ki bezwen dragaj epi yon kalandriye pou egzekisyon li. Otorite Enèji New York (New York Power Authority) se yon pati nan Ekip REDI Strike la sou dragaj epi k ap bay revizyon teknik endepadandan pou pwojè dragaj yo.

Nan itilize yon bato ki kontwole ak telekòmman ki gen yon sona ki gen plizyè feso, yon ankèt batimetrik te fèt nan men kontraktè prensipal sou-konsiltan Ramboll Group Prudent Engineering, LLP, yon biznis ki posede pa yon minorite ki sètifye nan Eta New York epi ki gen syèj sosyal nan Lès Syracuse, pou bay Eta a yon imaj ak kisa fon Bè Pò ak Bè Blind Sodus la sanble. Ankèt la ede detèmine kantite dragaj ki nesèsè pou atenn pwofondè dezire a pou kanal navigasyon yo. Kalite ankèt sa a, ansanm ak konsepsyon konpozisyon sediman an ak yon lokal eliminasyon pou sediman dragaj la obligatwa pou

aplike Pwojè Dragaj Rejyonal la nan chak pò. Ekip teren yo pral mennen ankèt anplis nan pò yo nan rejyon an pandan prentan 2020 an.

Sipò inisyèl Eta a pou Pwojè Dragaj Rejyonal la fèt pou bay konte yo nan Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence la tan ki nesèsè pou devlope yon plan operasyonèl, antretyen ak finansman alontèm pou kenbe kanal navigasyon rekreyatif yo alavni. Pò yo nan rivaj sid Lak Ontario a poukont yo estime y ap jenere 94 milyon dola nan aktivite ekonomik ak sipòte plis pase 1,350 travay lokal.

Lokal pou dragaj yo gen ladan:

- Konte Oswego: Antre Sandy Pond, Rivyè Salmon/Port Ontario
- Konte Niagara: Pò Wilson, Olcott
- Konte Orleans: Pò Oak Orchard, Johnson Creek
- Konte Monroe: Sandy Creek, Bè Braddock, Soti Long Pond, Bè Irondequoit
- Konte Wayne: Bè Pò, Bè Blind Sodus, Pò Bear Creek, Pultneyville, East Bay
- Konte Cayuga: Bè Little Sodus
- Konte Jefferson: Clayton French Creek Marina, Henderson "The Cut"
- Konte St. Lawrence: Ogdensburg "Kanal pa Devan Vil la", Kanal navigasyon Morristown

Chak pwojè dragaj sible pou fini nan pa plis pase kat mwa apati dat li kòmanse a, avèk dragaj la ki prevwa kòmanse nan:

- Avril 2020 nan Bè Blind Sodus
- Septanm 2020 nan Bè Lès ak Nò Antre Sandy Pond
- Oktòb 2020 nan Bè Braddock, Pultneyville ak Bè Little Sodus
- Avril 2021 nan Sandy Creek
- Jen 2021 nan Pò Olcott, Pò Oak Orchard ak Wilson
  - Jiyè 2021 nan Bè Irondequoit, Soti Long Pond, Pò Bear Creek, Henderson "The Cut", Johnson Creek, Rivyè Salmon/Port Ontario, Kanal Ogdensburg "Devan Vil la", Kanal Navigasyon Morristown ak Clayton French Creek Marine.

Detay inisyèl sou Pwojè Rejyonal Dragaj la nan konte Cayuga, Jefferson, Monroe, Niagara, Orleans, Oswego, St. Lawrence, ak Wayne, ansanm ak avantaj rejyonal pou tout konte sa yo disponib isit la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)